

Viky Marshela, Yohan Susilo

Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya, Indonesia

viky.21083@mhs.unesa.ac.id, yohansusilo@unesa.ac.id

Abstrak

Tradisi Nyekar di Makam Kyai Ageng Basyariyah dilaksanakan oleh masyarakat sebagai bentuk rasa syukur kepada Tuhan Yang Maha Kuasa serta sebagai bentuk penghormatan kepada leluhur yang mendirikan Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun. Fokus penelitian dalam tradisi ini mencakup asal-usul pelaksanaannya, tata laksana, bentuk dan makna perlengkapan (ubarampe), fungsinya, sistem kepercayaan masyarakat, perubahan-perubahan yang terjadi, serta upaya pelestariannya. Tujuan dari penelitian ini adalah untuk menjelaskan tradisi nyekar di makam Kyai Ageng Basyariyah dengan menggunakan pendekatan folklor. Konsep yang digunakan dalam penelitian ini meliputi konsep masyarakat Mataram sub-wilayah Madiun, konsep kebudayaan Jawa, konsep tradisi Jawa, konsep folklor setengah lisan, konsep makna, konsep fungsi, konsep perubahan, konsep pelestarian, dan konsep kepercayaan. Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode deskriptif kualitatif. Sumber data yang digunakan terdiri atas data primer dan data sekunder. Teknik pengumpulan data dilakukan melalui wawancara dan dokumentasi. Rangkaian pelaksanaan tradisi nyekar dibagi menjadi tiga bagian, yaitu tahap persiapan, tahap pelaksanaan, dan tahap penutupan. Tahap persiapan meliputi pembentukan panitia dan penyiapan perlengkapan yang dibutuhkan. Tahap pelaksanaan terdiri atas kegiatan nyekar, tahlil dan doa bersama di makam Kyai Ageng Basyariyah, selametan dan ramah tamah, serta pengajian. Sedangkan tahap penutupan mencakup kegiatan bersih-bersih dan pembubaran panitia. Perlengkapan yang digunakan dalam tradisi nyekar ini antara lain kembang setaman, buceng kuwat slamet dan buceng robyong, jenang sengkala, pala pendhem, daun pisang, dan tampah. Tradisi nyekar ini memiliki berbagai fungsi penting, antara lain sebagai sistem proyeksi, lembaga kebudayaan, sarana pendidikan, sarana interaksi sosial, serta sarana refleksi masyarakat. Tradisi ini juga mengandung berbagai kepercayaan yang diyakini masyarakat, seperti bisa mendatangkan jodoh, kelancaran rezeki, dan kepercayaan lainnya. Selain itu, terdapat pula perubahan dalam pelaksanaan dan perlengkapannya seiring berjalannya waktu.

Article History

Received: Juli 2025
Reviewed: Juli 2025
Published: Juli 2025
Plagiarism Checker: No 235
Prefix DOI :
[10.8734/Argopuro.v1i2.365](https://doi.org/10.8734/Argopuro.v1i2.365)
Copyright : Author
Publish by : Argopuro



This work is licensed under a [Creative Commons Attribution-NonCommercial 4.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by-nc/4.0/)

Kata Kunci: Tradisi Nyekar, Folklor, Kyai Ageng Basyariyah

Abstract

The nyekar tradition at the tomb of Kyai Ageng Basyariyah is carried out by the local community as an expression of gratitude to the Almighty God and as a form of respect for their ancestors who founded Sewulan Village, located in Dagangan District, Madiun Regency. This study focuses on various aspects of the tradition, including its origins, procedures, forms and meanings of ritual offerings (ubarampe), its functions, community beliefs, changes over time, and efforts toward preservation. The purpose of this research is to describe the nyekar tradition at the tomb of Kyai Ageng Basyariyah through a folklore approach. The concepts employed in this research include the concept of the Mataram sub-region society in Madiun, Javanese culture, Javanese traditions, semi-oral folklore, meaning, function, transformation, preservation, and belief systems. This research uses a qualitative descriptive method. The data sources consist of both primary and secondary data. Data collection techniques include interviews and documentation. The nyekar tradition is divided into three main stages: preparation, implementation, and conclusion. The preparation stage involves forming a committee and preparing the necessary equipment. The implementation stage includes the nyekar ritual, tahlil and joint prayers at the tomb of Kyai Ageng Basyariyah, communal meals (selametan), hospitality events, and religious lectures (pengajian). The final stage consists of cleaning up and disbanding the committee. The offerings used in this tradition include flower arrangements, cone-shaped rice dishes, symbolic porridge, root crops, banana leaves, and woven bamboo trays. This tradition serves several important functions: as a projection system, a cultural institution, an educational tool, a medium for social interaction, and a means for communal reflection. Moreover, it embodies several local beliefs, such as attracting a life partner, ensuring smooth livelihood, and other traditional faith-based expectations. Over time, changes have occurred in both the procedures and the ritual offerings.

Keywords: Nyekar Tradition, Folklore, Kyai Ageng Basyariyah

PENDAHULUAN

Masyarakat Madiun kalebu bagian saka masyarakat Jawa sing mlebu wewengkon pengaruh Kerajaan Mataram, utamane Mataram Islam. Amarga pengaruh iki, budaya Islam isih banget ngresep ing urip saben dinane masyarakat. Saben tradhisi sing dilakoni masyarakat Madiun nggambareke nilai-nilai spiritual sing jero. Sanadyan dadi bagian saka Mataram, masyarakat Madiun tetep setya nguri-uri kabudayan lan ciri khas daerah, kayata basa Jawa dialek Madiun, kesenian lokal, adat istiadat, pencak silat, panganan khas, lan liya-liyane. Iki nuduhake yen

masarakat Madiun nduweni identitas budaya sing kuwat lan ora ilang sanajan mlebu ing pangaruh kekuwatan gedhe. Masarakat nduweni peran wigati minangka panyengkuyung utama budaya. Miturut Sudikan (2001:4-6), budaya Nuswantara dipérang dadi telu: kabudayan lokal, kabudayan dhaerah, lan kabudayan nasional. Kabèh jinis budaya iki ora bisa urip déwé-dwéwé, nanging kudu nyengkuyung siji lan sijiné. Ora ana budaya kang bisa lestari tanpa dhukungan masarakat. Masarakat iku sing dadi jantungé pelestarian budaya, awit saka tangane masarakat kabudayan bisa ditularaké, dijaga, lan dikembangaké saka jaman mbiyen nganti saiki.

Kabudayan lan tradhisi nduweni rupa-rupa corak, ragam, titikan, lan nilai-nilai kang ngandhut makna jero. Kabudayan iku warisan saka leluhur kang kudu dijaga lan dilestarikaké, amarga ing njero kabudayan ana norma-norma lan aturan tumindak kang ngatur urip manungsa ing bebrayan. Masyarakat Jawa minangka salah siji kang isih kuwat nindakake tradhisi kanthi turun-temurun. Miturut Koentjaraningrat (2002:181), kabudayan kuwi asiling cipta, karsa, lan karya manungsa kang diwujudaké ing kawruh, kapercayan, agama, lan pakulinan. Saben dhaerah nduweni ciri khas dhewe-dhewe sing ndadékaké kabudayan iku sugih lan manéka warna, lan ora bisa dipisah saka urip bebrayan.

Salah sijining bagéan kabudayan yaiku folklor. Folklor iku budaya kolektif kang ditularaké secara turun-temurun liwat cara lisan utawa tuladha tumindak. Miturut Danandjaja (1994:1-2), tembung "folklor" asalé saka tembung basa Inggris folklore, sing asalé saka gabungan tembung folk (masyarakat sing nduweni ciri khas sosial lan budaya) lan lore (pengetahuan utawa budaya sing diwarisaké secara lisan). Folklor dipérang dadi telung jinis: (1) folklor lisan, kaya ta crita rakyat lan unen-unen; (2) folklor setengah lisan, kaya adat istiadat, dolanan rakyat, lan upacara; lan (3) folklor dudu lisan, kaya arsitektur, kerajinan tangan, lan panganan khas.

Folklor setengah lisan iku kombinasi saka lisan lan dudu lisan. Contoné kalebu kapitayan rakyat, adat istiadat, drama rakyat, lan upacara tradisional. Kabèh mau nduweni makna lan piguna kanggo urip bebrayan. Ing Kabupaten Madiun, folklor setengah lisan isih urip lan lestari, salah sijiné yaiku tradhisi Nyekar ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan. Tradhisi iki ora mung minangka bentuk ritual, nanging uga minangka wujud pangurbanan lan rasa spiritual saka masarakat marang leluhur, khususé Kyai Ageng Basyariyah, sing diyakini minangka wong sing mbabat alas lan mbuka desa kasebut.

Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah (TNMKAB) kalebu unsur folklor setengah lisan kang isih lestari nganti saiki. Tradhisi iki dianakake rong wektu: nalika dina wafaté Mbah Kyai Ageng Basyariyah ing sasi Mulud, lan saben dina pasaran Kemis malam Jemuwah Legi. Tradhisi iki wis ana wiwit jaman mbiyen lan tetep dilestarekaké nganti saiki amarga ana dhukungan saka masarakat lan pamaréntah dhaerah. Pelaksanaané kalebu resik-resik makam, ndedonga bebarengan, lan ngginakaké ubarampe sing nduweni makna tartamtu miturut kapitayan masarakat. Masarakat yakin manawa urip iku mung mampir ngombe lan pungkasane bakal bali marang Gusti. Kyai Ageng Basyariyah diyakini minangka sosok sakral sing nduweni peran penting kanggo awalé Desa Sewulan. Mula saka kuwi, tradhisi nyekar iki ora mung kanggo ngurmati leluhur, nanging uga minangka upaya kanggo nglestarekake kabudayan. Tradhisi iki nduweni ancas supaya bisa narik kawigaten masyarakat supaya luwih ngerti lan ngormati tradhisi lokal. Panliten ngenani TNMKAB iki dimaksudaké kanggo mbabar kanthi jangkep makna lan peran tradhisi ing masyarakat saiki.

TNMKAB uga dadi wujud rasa syukur marang Gusti Allah lan bentuk pangajab marang para leluhur supaya kabegjan, kelancaran, lan kamulyan bisa tumuju marang wong-wong sing nyekar. Wong saka njaban desa akèh sing teka mung kanggo nyuwun donga utawa nadzar. Panliten ngenani TNMKAB iki bakal njlentrehake kabeh aspek tradhisi saka wiwitan nganti pungkasan, wiwit saka tata cara, makna ubarampe, titi laksana, nganti carane nguri-uri. Kanthi panliten iki, tradhisi TNMKAB ora mung diuri-uri nanging uga bisa dadi wujud pangembangane budaya lokal ing tengah arus globalisasi.

METODE PENELITIAN

Metodhe panliten minangka unsur penting kang nentokake kualitas asil panliten, mula kudu dipilih kanthi trep lan slaras karo tujuwan panliten. Panliten babagan Tradisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah (TNMKAB) ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun iki nggunakake metode deskriptif kualitatif kanthi pendekatan folklor. Metode iki ngupaya nglumpukake lan njlentrehake data kanthi rinci saka asil observasi, wawancara, lan dokumentasi visual kayata foto, video, lan dokumen liya, kanthi fokus marang peristiwa nyata sing kedadeyan sajrone panliten. Panliti bakal nyathet lan ngrekam tanggapan narasumber, lan nganalisis makna budaya sing ana ing tradisi kasebut. Metode kualitatif iki ngasilake data deskriptif sing wujudé tetembungan lisan utawa tulisan saka pawongan utawa tumindak kang bisa diamati. Panliten iki ngarahake kanggo ngandharake makna, ngudhari makna simbolik, lan njlentrehake sacara jero kabeh unsur tradisi TNMKAB sing isih lestari lan urip ing masarakat Desa Sewulan.

Objek lan papan panliten nduweni peran penting kang kudu dipesthekake kanthi tliti supaya panliten bisa lumaku kanthi maksimal. Objek panliten kualitatif miturut Sugiyono lan Andi Prastowo (sajrone Fitrah, 2010) dumadi saka situasi sosial kang kalebu panggon, paraga, lan tumindak, lan uga bisa nglibatake unsur kayata prastawa alam, tetuwuhan, utawa kewan. Objek panliten kudu isih ngrembaka lan lumaku ing masyarakat supaya data sing dijupuk bisa nggambarake kondisi nyata lan ora mung asil rekayasa. Panliten TNMKAB ing Desa Sewulan nggunakake tintingan folklor, kanthi objek kang dikaji meliputi asal-usul tradhisi, tata laku, makna ubarampe, fungsi, owah-owahan, lan cara pelestariannya, amarga tradhisi iki minangka warisan turun-temurun sing kudu dijaga lan diugemi. Papan panliten kang dipilih yaiku Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun, amarga ing panggonan iki tradhisi nyekar isih dilakoni, dijaga, lan lestari. Papan iki penting banget kanggo golek data lapangan kanthi langsung, lan milih wektu pelaksanaan tradhisi uga dadi bagean penting saka panliten supaya data sing dikumpulake akurat lan jero.

Sajrone panliten babagan Tradisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah (TNMKAB) ing Desa Sewulan, sumber dhata lan dhata panliten nduweni peran kang penting kanggo nemtokake kualitas lan ketepakan asil panliten. Sumber dhata kang digunakake kapérang dadi loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer asalé saka informan langsung, kayata juru kunci makam, sesepuh desa, lan warga sing paham tradhisi, sing diwawancarai lan diamati kanthi langsung dening panliti ing papan panliten, yaiku Makam Kyai Ageng Basyariyah. Dene dhata sekunder asalé saka dokumen, artikel, arsip, lan sumber liya sing ndhukung informasi primer, kalebu uga informan sekunder kaya kyai lan juru ubarampe. Dhata panliten iki kapérang dadi dhata lisan lan dudu lisan. Dhata lisan kalebu asil wawancara awujud tuturan utawa tetembungan saka narasumber, dene dhata dudu lisan kalebu dokumen, foto, video, lan rekaman kegiatan tradhisi nyekar. Kabèh dhata mau diklumpukake

lan dianalisis kanthi pendekatan folklor kanggo menehi gambaran sing jangkep lan bisa dipertanggungjawabake secara ilmiah ngenani tradhisi TNMKAB.

Instrumen panliten minangka piranti penting kang digunakake kanggo nglancarake proses nglumpukake dhata ing lapangan. Ing panliten kualitatif kaya TNMKAB (Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah) ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun, panliti minangka instrumen utama utawa *human instrument* kang tanggung jawab ngatur fokus panliten, milih informan, ngumpulake lan nganalisis dhata, nganti narik dudutan. Panliti nggunakake dhaptar pitakonan wawancara kanthi metode *structural interview* lan lembar observasi kango nyathet langsung kahanan ing lapangan. Wujud observasi lan wawancara dicathet minangka cathetan lapangan, arupa frasa utawa tembung kunci, sing sabanjure diolah dadi cathetan lengkap. Saliyane iku, panliti nggunakake piranti pambiyantu kayata alat rekam, kamera, polpen, buku cathetan, lan laptop kanggo nyengkuyung proses pengumpulan dhata. Sadurunge ngrekam, panliti uga njaluk ijin dhisik saka informan. Piranti kasebut dipigunakake kanggo ndhukung ketepakan informasi lan bukti manawa panliti nindakake panliten kanthi langsung lan sistematis. Kanthi lengkap lan bener instrumen panliten iki, proses pengumpulan dhata bisa lumaku lancar lan asil panliten bisa dipertanggungjawabake secara ilmiah.

Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten TNMKAB ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun, nggunakake teknik wawancara, observasi, nyathet, ngrekam, lan dhokumentasi. Teknik wawancara kang digunakake yaiku wawancara terstruktur lan tinarbuka, kanthi nyusun dhaptar pitakonan lan ngrekam informasi saka informan utama lan pendukung. Observasi ditindakake kanthi rawuh langsung ing lokasi tradhisi, nyathet lan ngrekam kegiatan, lan sesambungan karo para pelaku tradhisi. Teknik nyathet dipigunaake kanggo nyimpen informasi penting sing ora kerekam, kalebu identitas informan. Ngrekam minangka teknik kanggo nyimpen bukti suara lan video, kanthi njaga keaslianane dhata. Teknik dhokumentasi dipigunaake kanggo nglumpukake bukti visual lan dokumen pendukung saka kegiatan panliten, kalebu foto, video, lan dokumen pribadi utawa resmi saka masyarakat lan pamarentah desa. Kabèh teknik kasebut ditindakake supaya dhata sing dikumpulake luwi jangkep, cetha, lan bisa dipertanggungjawabake secara ilmiah.

Keabsahan dhata sajrone panliten iku penting banget amarga dadi bukti sah utawa ora dhata kang dikumpulake. Miturut Endraswara (2009:224), ana papat teknik kanggo njamin keabsahan dhata, yaiku: (1) triangulasi, yaiku mriksa lan klarifikasi dhata saka sumber utawa cara kang beda, (2) checking dhata, yaiku mriksa maneh dhata sawise wawancara, (3) member check, yaiku diskusi lan validasi teoritis karo para ahli, lan (4) review mitra bestari, yaiku konsultasi karo mitra utawa pakar kanggo mriksa kebenaran panliten. Kabèh teknik kasebut kudu ditindakake supaya dhata sing dikumpulake sah, valid, lan bisa dipertanggungjawabake secara ilmiah.

HASIL DAN PEMBAHASAN

Mula Bukane Desa Sewulan lan Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun

Mula bukane sawijining dhaerah iku mesthi gegayutan karo sejarah lan tokoh kang nduweni peran penting ing pangembangan wilayah kasebut. Ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun, mula bukane desa iki raket gayute karo tokoh Kyai Ageng Basyariyah utawa Raden Mas Bagus Harun, putra Adipati Ponorogo abad ke-17, sing uga murid kinasih Kyai Ageng Besari saka Tegalsari. Kyai Ageng Basyariyah diutus gurune kanggo

ARGOPURO

Argopuro: Jurnal Multidisiplin Ilmu
Bahasa
Vol 11 No 2 Tahun 2025
Online ISSN: 2988-6309

mbiyantu Pakubuwono II ngatasi pemberontakan Geger Pacinan. Sawise kasil, panjenengane oleh hadiah payung (songsong) lambang tanah perdikan sing banjur dadi cikal bakal desa. Payung mau dicemplungake ing Kali Bang Pluwang, lan sawisé disusuri, ketemu nalika malem Lailatul Qadr sasi Ramadhan. Wiwit saka kene, wilayah kasebut dijenengi "Sewu Wulan" kang saiki dadi Desa Sewulan. Ing panggonan kasebut Kyai Ageng Basyariyah ngedegake masjid lan nyebarake agama Islam.

Masyarakat Desa Sewulan ngajeni banget jasa-jasa Kyai Ageng Basyariyah kanthi nindakake tradhisi nyekar saben taun ing sasi Mulud. Tradhisi iki ora mung minangka kegiatan spiritual, nanging uga minangka warisan budaya kang diuri-uri nganti saiki. Masjid Al-Basyariyah, sing dibangun Kyai Ageng Basyariyah sekitar taun 1740, nganti saiki isih ana lan dadi pusat aktivitas keagamaan. Sumber-sumber lisan saka sesepuh desa kaya Bapak Drs. Moh. Baidowi lan Gus Afif Nizam, uga juru kunci makam Kyai Ageng Basyariyah, Bapak Milyar Diana, nyritakake rekam jejak lan silsilah panjang Kyai Ageng Basyariyah kang nyambung karo trah raja-raja Mataram lan tokoh-tokoh suci Jawa.



Gambar 4.1 Gambar Putra-Putri Raden Bagus Harun/Kyai Ageng Basyariyah
(Sumber: Dhokumentasi Pribadhi)

Saka silsilah kasebut, Kyai Ageng Basyariyah nduwени putra-putri kang nyebar ing wilayah Jawa Timur, lan keturunané isih lestari nganti saiki. Tradhisi nyekar ora mung dikerjakake dening warga desa, nanging uga ngundang peziarah saka njaba. Malem Jemuwah Kliwon, akhir minggu, lan khususé bulan Mulud dadi waktu rame-rame kanggo nyekar lan ndedonga bebarengan. Statistik peziarah taun 2025 nuduhake anané ribuan pengunjung saben sasi, nuduhake yen tradhisi iki isih urip lan berkembang.

Makna tradhisi nyekar ora mung kanggo ngajeni leluhur, nanging uga kanggo nguri-uri budaya Jawa, ngajari generasi enom ngenani sejarah desane, lan ngugemi rasa syukur marang Gusti Allah. Masarakat ngajak anak-putune supaya melu nyekar, ndedonga, lan ngerti asal-usul kampung halamané. Tradhisi iki dadi ajang spiritual, sosial, lan edukatif. Eksistensiné ora mung minangka simbol penghormatan, nanging uga kekuatan sosial sing ngiket antar generasi. Mula saka kuwi, tradhisi nyekar makam Kyai Ageng Basyariyah tetep dilestarèkaké minangka warisan budaya kang penting tumrap identitas lan panguripan masyarakat Desa Sewulan.

Tata Lakune Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun

Saben tradhisi nduwéni tata laku unik sing ora bisa dipisahake saka nilai-nilai budaya masyarakat sing ngleksanakake. Tradhisi nyekar makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun, minangka salah siji tradhisi kang isih lestari lan dijaga ajeg saben taun. Tradhisi iki dilaksanakake saben sasi Mulud lan uga saben malem Jemuwah Legi utawa dina prei kaya Setu lan Minggu. Ana bedane tata laku nyekar ing sasi Mulud sing diatur panitia kanthi runtut, lan nyekar harian sing bebas. Tata laku nyekar tahunan iki dibagi dadi telung bagian, yaiku: *titi siyaga*, *titi laksana*, lan *titi purna*. Saben bagian ngemot runtutan kegiatan sing dilakoni masyarakat kanggo ngurmati leluhur sing wis

babad desa lan nyebarake agama Islam. Titi siyaga minangka tahap persiapan kang penting, diwiwiti kanthi rapat panitia. Rapat iki dihadiri kepala desa, perangkat, pemuda, lan sesepuh kanggo nyusun struktur panitia, tugas-tugas, lan keperluan teknis kaya pengisi pengajian, undangan, konsumsi, sound system, terop, lan dekorasi. Rapat ora mung sakpisan, nanging bisa kaping pindho utawa kaping telu, lan dilanjutkan komunikasi liwat grup WhatsApp. Saka kene, panitia kudu kerja sama lan kompak supaya tradhisi iki bisa terlaksana tanpa kendala.

Tahap sabanjure sajrone titi siyaga yaiku gotong royong. Gotong royong dilakoni kabeh elemen masyarakat, mulai bocah cilik nganti wong tuwa, kanggo resik-resik makam, nyiapake panggonan pengajian, masang terop, nyetel sound system, nganti nyiapake konsumsi. Kegiatan iki nuduhake semangat kebersamaan masyarakat Desa Sewulan lan pengabdian marang tradhisi budaya lokal. Saliyane warga Sewulan, masyarakat saka njaba desa uga melu nyengkuyung adipara iki kanthi semangat lan ikhlas. Persiapan penting liyane yaiku masak kanggo slametan. Ibu Siti Roichana minangka juru masak, mimpin proses masak bareng-bareng warga. Masakan disiapake wiwit esuk banget nganggo kompor gas lan kompor wos supaya luwih cepet. Menu kang dimasak kaya gorengan, sega buceng, lan jenang. Masak-masak iki dikeroyok bareng-bareng dening kurang luwih 10 ibu-ibu supaya bisa rampung tepat waktu lan siap dipakai nalika acara slametan sawise maghrib.

Titi laksana minangka puncak acara kang diwiwiti kanthi nyekar lan tahlilan ing makam Kyai Ageng Basyariyah. Kegiatan iki dilakoni sawise sholat ashar lan dipimpin Kyai masjid, Gus Afif Nizam. Nyekar kalebu tradhisi Jawa sing diisi tahlil, doa bebarengan, lan tabur bunga, nanging ora kabeh bisa menabur bunga. Mung juru kunci, Kyai, aparat, lan keluarga Dzuriyah (keturunan Kyai Ageng Basyariyah) sing diijini. Bocah-bocah cilik uga dilatih melu tahlil nganggo panduan bacaan tahlil kang disedhiyakake. Sakwise nyekar, dilanjutake karo slametan lan ramah tamah ing Pendopo Perdikan. Warga lan perangkat desa padha ngumpul kanggo dedonga bebarengan, slametan, lan ndhudhah tumpeng. Slametan iki minangka wujud rasa syukur marang Gusti Allah lan rasa hormat marang Kyai Ageng Basyariyah. Kegiatan iki uga dadi pangeling-eling marang jasa-jasa leluhur lan nguri-uri budaya Jawa supaya tetep lestari.

Acara pengajian dadi penutup utama titi laksana. Pengajian diwiwiti sawise isya' nganti tengah malam ana ing halaman Masjid Al-Basyariyah. Acara dibuka karo hiburan hadroh lan gembrungan, diterusake pembacaan Al-Qur'an, manaqib Kyai Ageng Basyariyah, sambutan-sambutan, mauidhoh hasanah, lan doa bebarengan. Pengajian iki ditekani masyarakat Sewulan, tokoh agama, pejabat daerah, lan warga saka njaba desa, nuduhake betapa penting lan sakral tradhisi iki tumrap masyarakat. Titi purna minangka pungkasan saka rangkaian acara. Panitia lan warga bebarengan ngresiki lokasi acara kaya masjid, pendopo, lan makam. Piranti-piranti dibongkar lan diringkes. Sawise kuwi diadani pembubaran panitia kang diisi laporan kegiatan, rasa syukur, evaluasi, lan ucapan matur nuwun kanggo kabeh sing nyengkuyung. Titi purna nuduhake wujud tanggung jawab lan rasa puas amarga tradhisi wis kelakon lancar lan sukses.

Masyarakat umum uga kerep nyekar ing makam Kyai Ageng Basyariyah sajrone dina prei utawa malem Jemuwah. Beda karo nyekar Haul, nyekar umum ora nduweni tata cara khusus. Masyarakat teka langsung mlebu makam, tahlil, doa, kadang sholat malam, banjur lungguh nunggu subuh. Biasane uga nggawa bunga sekar, nanging mung juru kunci utawa keturunan Kyai Ageng sing oleh nyebar kembang. Masyarakat saiki ora diijini nggawa dupa amarga alasan keamanan lan supaya ora disalahgunakan. Tradisi nyekar ing Desa Sewulan dadi simbol rasa hormat, kebersamaan, lan spiritualitas masyarakat marang leluhur lan Gusti. Runtutan kegiatan saka titi siyaga nganti titi purna nuduhake organisasi kang rapi lan nilai gotong royong sing kuat. Tradhisi iki ora mung nambah ketaqwaan lan rasa syukur masyarakat, nanging uga njaga warisan budaya supaya ora ilang diterpa arus modernisasi. Penglibatan generasi muda uga nuduhake yen tradhisi iki bakal lestari nganti generasi sabanjure.

Ubarampe lan Makna Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun

Tradisi nyekar di makam Kyai Ageng Basyariyah di Desa Sewulan merupakan bentuk penghormatan terhadap leluhur yang diwujudkan melalui serangkaian tata laku dan perlengkapan (ubarampe) yang penuh makna simbolis. Ubarampe yang digunakan mencakup berbagai jenis piranti dan makanan, seperti kembang setaman, buceng, jenang sengkala, pala pendhem, hingga hiasan seperti timun dan godhong gedhang. Masing-masing memiliki filosofi dan nilai spiritual tersendiri yang diyakini masyarakat, baik sebagai sarana perantara doa kepada Tuhan maupun lambang-lambang moralitas dan nilai sosial yang dijunjung tinggi. Kembang setaman yang digunakan dalam tradisi ini merupakan campuran bunga seperti mawar, melati, kanthil, kenanga, dan irisan pandan yang dibungkus dengan daun pisang serta diberi wangi-wangian. Bunga-bunga ini melambangkan keharuman nama baik leluhur, kesucian hati seperti bunga melati yang putih bersih, serta paseduluran dan kerukunan karena beragam jenis bunga dapat bersatu menjadi satu kesatuan yang utuh. Kembang ini disebar di atas makam sebagai wujud doa, penghormatan, dan pengingat akan perjuangan Kyai Ageng Basyariyah.

Buceng, sebagai simbol yang tak terpisahkan dari slametan, hadir dalam dua jenis yaitu buceng kuwat slamet dan buceng robyong. Bentuk kerucutnya melambangkan hubungan vertikal antara manusia yang lemah di bawah dengan Tuhan yang Maha Kuasa di atas. Buceng kuwat slamet menggunakan ketan putih di puncak, sabuk ketan hitam di tengah, dan nasi biasa di bawah sebagai simbol kekuatan lahir batin, keteguhan iman, dan harapan keselamatan. Sementara itu, buceng robyong dilengkapi dengan sundukan kembang telon sesuai neptu hari pelaksanaan, melambangkan rasa syukur dan kebahagiaan atas kelancaran tradisi tahunan ini.

Lelawuhan atau lauk pauk dalam buceng berjumlah tujuh jenis, yakni ingkung, urap-urap, sambel goreng kentang, mie, kering tempe, tahu, dan endhog. Angka tujuh memiliki makna pitulung (pertolongan), pitutur (nasehat), dan pituduh (petunjuk), sebagai doa agar manusia selalu mendapat tuntunan hidup. Ingkung, yang menggunakan ayam jago utuh dan dipanggang, melambangkan kekuatan dan keberanian dalam menghadapi kehidupan. Ayam jago dipilih karena identik dengan sosok laki-laki yang kuat dan berani, memberi teladan bagi manusia agar tangguh dalam menjalani hidup.

Urap-urap, olahan sayuran dengan parutan kelapa berbumbu, melambangkan makhluk sosial yang tak bisa hidup sendiri. Manusia hidup berdampingan dan membutuhkan sesama, sehingga urap mencerminkan semangat gotong royong dan kepedulian antar manusia. Sambel goreng kentang yang berwarna merah menjadi pelengkap sederhana namun bermakna, sebagai tanda kecukupan lauk bagi semua orang yang hadir dalam slametan dan simbol tantangan hidup yang harus dilewati.

Mie melambangkan panjang umur, rezeki yang panjang, dan kesehatan. Tekstur mie yang panjang dianggap menyimbolkan harapan atas kehidupan yang penuh berkah dan kesehatan yang berkelanjutan. Sementara itu, kering tempe dan tahu goreng menggambarkan kesederhanaan dan kerendahan hati. Tempe dan tahu sebagai bahan pangan murah dan mudah diperoleh mencerminkan sikap hidup yang tidak berlebihan, tetapi rendah hati dalam keberkahan yang dimiliki. Endhog rebus memiliki dua makna penting, yaitu kesucian dan tekad yang bulat. Warna putihnya melambangkan niat yang bersih saat melaksanakan nyekar, dan bentuk bulatnya melambangkan tekad kuat dalam menjalani kehidupan. Sementara itu, timun berfungsi sebagai hiasan yang menyegarkan dan juga memiliki makna kesuburan serta keseimbangan karena berasal dari alam yang subur. Ini menjadi pengingat bagi manusia untuk menghargai alam.

Jenang sengkala yang terdiri dari jenang abang tumpang putih dan putih tumpang abang dibuat dari ketan dan gula merah. Warna merah melambangkan bumi dan putih melambangkan langit. Ini menyiratkan bahwa manusia hidup di antara bumi dan langit, harus selalu sadar akan keberadaannya, dan tidak berlaku sewenang-wenang. Jenang sengkala juga

dipercaya sebagai penolak bala, permohonan keselamatan, dan perlindungan dari mara bahaya.

Pala pendhem, seperti ketela, suweg, dan kacang, merupakan umbi-umbian yang tumbuh dalam tanah. Panganan ini menyimbolkan kemakmuran dan sumber daya alam yang melimpah. Mengolah pala pendhem secara alami tanpa bahan pengawet juga menjadi cara masyarakat untuk tetap dekat dan menghargai alam. Ini adalah bentuk kesadaran bahwa kehidupan manusia tidak terlepas dari alam sebagai penopangnya.

Sebagai penopang semua ubarampe tersebut, digunakan godhong gedhang dan tampah sebagai alas dan wadah. Daun pisang berwarna hijau segar digunakan untuk membungkus dan meletakkan semua sajian di atas tampah. Maknanya adalah persatuan, di mana berbagai jenis makanan yang berbeda bisa bersatu di satu wadah yang sama. Ini menjadi simbol agar masyarakat tetap menjaga kebersamaan dan kerukunan, seperti makanan yang berbeda-beda namun bersatu di atas satu daun pisang yang sama.

Fungsi Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun

Tradhisi nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan nduweni peran penting ora mung minangka pelestarian budaya nanging uga minangka sarana pangembangan sosial, spiritual, pendidikan, lan ekonomi masyarakat. Tradisi iki dadi warisan budaya leluhur kang ora mung nguri-uri nilai-nilai budaya Jawa nanging uga nyengkuyung identitas kolektif masarakat. Tradhisi iki tansah dilakoni saben taun ing sasi Mulud lan saben malem Jemuwah Legi, minangka wujud rasa syukur lan penghormatan marang Kyai Ageng Basyariyah, sesepuh kang babad Desa Sewulan lan nyebarake agama Islam. Saka sudut pandang fungsional, tradhisi nyekar iki bisa ditinjau adhedhasar teori Bascom sing ngandharake papat fungsi folklor: minangka sistem proyeksi, sarana pengesahan pranata budaya, alat pendidikan, lan alat kontrol sosial. Minangka sistem proyeksi, tradhisi nyekar nggambareke nilai-nilai moral, sopan santun, lan etika masyarakat. Masarakat diajari ngenani tata krama, unggah-ungguh, lan rasa hormat marang leluhur. Tradisi iki uga dadi wujud komunikasi spiritual antarane masarakat lan leluhur kanthi sajen-sajen lan doa-doa sing dipanjatake, nuduhake kuatnya ikatan batin antar generasi.

Tradisi nyekar uga nguatake identitas keagamaan masyarakat. Mayoritas warga Desa Sewulan memeluk agama Islam, lan tradisi nyekar kerap dirangkai karo kegiatan religius kaya pengajian, istighosah, lan tahlilan. Pengajian ora mung kanggo ibu-ibu, nanging uga kanggo kabeh kalangan. Kegiatan iki ora mung nguatake keimanan, nanging uga dadi sarana dakwah lan pendidikan agama. Saliyane kuwi, pendhidhikan spiritual iki dipraktekake langsung kanthi gotong royong lan rasa hormat marang sesama. Saka sudut pendhidhikan, tradhisi nyekar nggabungake konsep tri pusat pendhidhikan Ki Hajar Dewantara: keluarga, sekolah, lan masyarakat. Bocah-bocah SD nganti SMA rutin melu kegiatan ziarah, istighosah, lan tahlilan ing makam Kyai Ageng Basyariyah. Sekolah-sekolah ing Sewulan malah masang jadwal rutin kanggo nyekar minangka bagian saka pembelajaran sejarah lokal lan pendidikan karakter. Kulawarga uga nduweni peran penting kanthi ngajari anak-anak ngenani tata krama lan sopan santun sajrone tradisi.

Masyarakat Sewulan uga ndhukung tradhisi iki minangka piranti sosial kang nuwuake nilai gotong royong, sesrawungan, lan tanggung jawab. Tradisi nyekar ndadekake masyarakat luwih guyub lan kompak. Sakdurunge pelaksanaan, masarakat kerja bakti, nyiapake konsumsi, masang terop, lan ngatur adicara bebarengan. Keakraban lan temu kangen antar warga lan dzuriyah Kyai Ageng Basyariyah saka luar daerah uga dadi bukti yen tradisi iki efektif kanggo nguri-uri rasa kebersamaan lan solidaritas. Piguna ekonomi uga katon jelas sajrone pelaksanaan tradhisi nyekar. Tradhisi iki menehi kesempatan usaha kanggo warga sing dodolan panganan, kembang sekar, ubarampe slametan, nganti persewaan alat-alat acara. Kanthi meningkatnya jumlah peziarah saben taun, kegiatan ekonomi masyarakat lokal saya rame. Tradisi iki ora mung nguatake identitas budaya nanging uga dadi sumber penghasilan

tambahan sing manfaat banget tumrap ekonomi warga desa. Akhire, tradhisi nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah mujudake upaya pelestarian budaya sing konkret. Tradisi iki diwarisake turun-temurun lan ajeg dilakoni supaya ora ilang kagerus jaman. Saka wawancara karo warga lan tokoh desa, bisa dipahami manawa tradisi iki ora mung penting kanggo sejarah desa nanging uga minangka piwulang moral, spiritual, lan sosial kang kudu dijaga. Kanthi terus dileksanani, tradhisi iki dadi tameng budaya kang nguatake jati dhiri masyarakat Sewulan.

Kapitayan Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun

Sistem kapitayan minangka pandangan urip kang ngatur pola pikir lan tumindak manungsa. Kapitayan iki nduweni bentuk lan variasi kang macem-macem, kaya takhyul ngenani kahuripan manungsa, alam gaib, lan kedadeyan semesta. Kapitayan iki lumrah tinemu ana ing masyarakat tradisional lan isih ngrembaka nganti saiki. Ing konteks tradhisi nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, kapitayan kasebut nggabung antara ajaran agama (monoisme) lan warisan budaya animisme-dinamisme, kang nuduhake yen praktik tradisi lokal ora bisa dicap mung saka siji sisi. Masarakat isih percaya anane roh leluhur kang bisa dadi perantara kanggo ndedonga marang Gusti Kang Maha Kuwaos. Nanging, keyakinan iki ora bisa digebyah uyah, amarga saben pawongan nduweni kapitayan pribadhi kang beda-beda. Ana kang nganggep nyekar minangka bagian saka tata cara agama, lan ana uga kang nganggep mung sebagai tradisi budaya lan spiritual.

Tradhisi nyekar iki nduweni kapitayan ganda, yaiku kapitayan kolektif masyarakat Desa Sewulan lan kapitayan pribadi saka pawongan kang melu nyekar. Kapitayan kolektif masarakat nuduhake keyakinan manawa leluhur, ing kasus iki Kyai Ageng Basyariyah, bisa nglantarake berkah, perlindungan, lan kesejahteraan saka Gusti Allah marang warga desa. Praktik nyekar dadi sarana nguri-uri silaturahmi, nguatake paseduluran, lan ngajeni leluhur. Masarakat percaya manawa pelaksanaan tradhisi nyekar iki bisa dadi tameng saka musibah, kayata nalika banjir gedhe nyerang desa-desa sekitar, Desa Sewulan isih selamet. Saliyane kuwi, tradhisi nyekar uga diyakini dadi sarana ngucap syukur marang Gusti Allah lan wujud rasa hormat marang leluhur desa.

Saliyane kapitayan kolektif, ana uga kapitayan pribadi saka pawongan kang nyekar. Kapitayan iki lumrah banget ditemoni ora mung saka warga Desa Sewulan, nanging uga saka masarakat njaba desa lan kutha. Wong-wong padha percaya manawa kanthi nyekar lan ndedonga ing makam Kyai Ageng Basyariyah, kajat-kajate bakal luwih cepet terkabul. Macem-macem hajad dikarepake, kaya dagangan laris, sehat, lulus ujian, entuk jodho, rezeki lancar, nganti nglamar PNS. Kapitayan iki ora lepas saka konsep *tawassul*, yaiku nyedhaki Gusti Allah liwat perantara wong saleh sing wis pejah. Sanajan Kyai Ageng Basyariyah mung dadi lantaran, nanging dedonga tetep dipanjatake marang Gusti Kang Maha Kuwaos. Mula saka kuwi, tradhisi nyekar iki terus dijaga lan dilestarekake amarga dipercaya duwe pangaruh gedhe tumrap urip spiritual, sosial, lan psikologis masyarakat.

Owah-owahan Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun

Owah-owahan sajrone tradhisi utawa kabudayan minangka fenomena lumrah sing lumaku bareng majune jaman. Tradhisi nyekar makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan uga ngalami owah-owahan amarga faktor teknologi, lingkungan, panemu anyar, difusi budaya, lan kasunyatan anyar. Owah-owahan iki muncul minangka bentuk adaptasi marang kahanan anyar lan ora ngilangi makna utawa kesakralan saka tradhisi kasebut. Salah siji owah-owahan amarga faktor alam yaiku nalika pandemi COVID-19, tradhisi nyekar dilaksanani kanthi luwih sederhana lan peserta kang rawuh diwatesi, tanpa ngurangi nilai sakral lan rasa hormat marang leluhur.

Majune teknologi uga ndadekake owah-owahan penting sajrone tradhisi, utamane ing panggunaan piranti ubarampe. Yen jaman mbiyen blanja kudu menyang pasar, saiki cukup

pesen saka bakul ider. Ngalusake bumbu ora maneh nganggo ulekan tradisional nanging nganggo blender, marut kelapa diganti mesin, lan masak ora maneh nganggo pawon nanging kompor gas. Owah-owahan iki ndadekake proses nyiapake tradhisi luwih cepet lan praktis, cocog karo dinamika masyarakat saiki, nanging tetep njaga tujuan utama saka tradhisi kasebut.

Saliyane kuwi, panemu anyar uga nyumbang marang owah-owahan tata laku sajrone tradhisi. Salah siji bentuk anyar yaiku ditambahake acara pengajian lan manaqiban kang nyritakake sejarah Kyai Ageng Basyariyah. Tujuan saka panambahan iki yaiku supaya masarakat, utamane generasi enom, luwih mangertenilai sejarah lan spiritual saka tradhisi nyekar. Pengajian uga dadi ajang edukasi lan hiburan rohani kanggo warga, lan nyengkuyung rasa kekancan lan persaudaraan antar warga. Difusi budaya uga ndadekake owah-owahan sajrone tradhisi, utamane ing basa kang digunakake nalika dedonga. Yen sadurunge mung nganggo basa Jawa, saiki wis ana campuran basa Arab lan Indonesia. Uga ditambah sholawatan lan lagu-lagu rohani kang narik kawigaten masarakat, nggawe suasana tradhisi luwih semarak tanpa ngilangi sakralitas. Kacampure budaya saka njaba iki nuduhake yen tradhisi nyekar bisa fleksibel lan adaptif, nanging tetep ngugemi nilai-nilai luhur kang diwarisake.

Owah-owahan saka konsep realita uga katon nalika masarakat saiki luwih pragmatis. Yen jaman mbiyen ana aturan kudu wudhu lan mlebu bareng-bareng menyang makam, saiki akeh sing langsung mlebu tanpa wudhu. Malah ana sing nyekar mung sekedar foto-foto, nanging hal kuwi ora dianggep ngurangi makna sajrone tradhisi, asal ora ngganggu peziarah liyane. Kajaba iku, kirim doa uga ora kudu teka langsung ke makam, nanging bisa saka omah. Owah-owahan iki nuduhake pergeseran cara pandang masyarakat, saka spiritualisme tradisional menyang simbolisme sosial, nanging tradhisi nyekar tetep lestari lan ajeg dilestarekake dening masyarakat Desa Sewulan.

Upaya Nglestarekake Tradhisi Nyekar Makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun

Pelestarian tradhisi nyekar makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan minangka upaya penting kanggo njaga warisan budaya supaya tetep lestari lan bisa diwarisake marang generasi sabanjure. Upaya pelestarian iki ora mung tanggung jawab individu, nanging uga butuh peran aktif saka masarakat, pamarentah desa, lembaga pendidikan, lan media sosial. Pelestarian bisa dilakoni kanthi internalisasi, yaiku saka kesadaran diri pribadi kanggo nyinaoni, melu, lan nyebarake tradhisi kasebut. Saliyane, masarakat bisa ndhidhik anak-putune supaya melu nguri-uri tradhisi saka cilik, melu adicara nyekar, lan ndhukung tradhisi kanthi tenaga, dana, utawa jasa.

Sosialisasi dadi strategi penting sabanjure kanggo pelestarian. Sosialisasi bisa dilakoni sacara offline kanthi cara pengumuman liwat pengeras suara mubeng desa utawa cara lisan saka warga ke warga, lan sacara online nganggo media sosial kaya WhatsApp, video sing menarik, pamphlet digital, lan liya-liyane. Tujuan utama sosialisasi yaiku supaya masarakat luwih ngerti, gelem melu, lan ngrasakake makna saka tradhisi iki. Kanthi informasi sing disebarake kanthi efektif, tradhisi iki bisa dikenal luwih amba lan ditampa dening masyarakat generasi anyar.

Upaya pelestarian uga bisa ditindakake liwat ekulturasi, yaiku campuran antar budaya sing ndadekake tradhisi luwih berkembang lan relevan. Salah sijine yaiku nambah pengajian ing rangkaian tradhisi nyekar, kang sadurunge durung ana. Pengajian iki diisi manaqiban Kyai Ageng Basyariyah lan ditambah festival seni tradisional kayata hadroh lan gembrungan. Iki ndadekake tradhisi nyekar ora mung sakral, nanging uga nyenengake lan edukatif. Teknologi uga digunakake kanggo nggawe konten budaya sing narik kawigaten generasi mudha supaya luwih paham lan tresna karo tradhisi desane dhewe.

Lembaga pendidikan uga melu aktif nguri-uri tradhisi iki. Sekolah-sekolah ing Desa Sewulan, saka PAUD nganti SMA, ajeg ngajak siswane nyekar lan istighasah ing makam Kyai

Ageng Basyariyah. Kegiatan iki ora mung nambah spiritualitas siswa, nanging uga ngenalake nilai-nilai budaya lokal saka dini. Sekolah bisa dadi sarana kanggo ngenalake sejarah, makna, lan ajining tradhisi saka Desa Sewulan supaya siswa ngerti lan gelem nerusake tradhisi iki ing mangsa ngarep.

Masyarakat dadi pilar utama pelestarian tradhisi nyekar. Para warga kanthi semangat melu ngleksanani adicara saka wiwitan nganti rampung, seneng srawung, lan gelem kerja bareng. Para pedagang uga oleh manfaat ekonomi saka rame-rame tradhisi iki. Tradhisi nyekar ora mung wujud rasa hormat marang leluhur, nanging uga dadi sarana nguatake hubungan sosial lan kebersamaan antar warga. Kanthi gotong royong antar masarakat lan didukung berbagai pihak, tradhisi nyekar makam Kyai Ageng Basyariyah bisa terus lestari lan berkembang ngiring jaman.

KESIMPULAN

Dudutan iki ngandharake asil panliten ngenani tradhisi nyekar makam Kyai Ageng Basyariyah ing Desa Sewulan, Kabupaten Madiun, kanthi ngandhut gambaran lengkap saka dhata lapangan sing diklumpukake saka juru kunci, pamarentah desa, panitia, sesepuh, lan pihak-pihak terkait liyane. Tradhisi iki kalebu folklor setengah lisan sing isih lestari lan ditindakake sacara turun-temurun kanthi paugeran tartamtu, diwiwiti saka mula buka tradhisi, tata laku, ubarampe, wektu pelaksanaan, nganti kapitayan masyarakat sing ngleboni nilai-nilai spiritual lan sosial. Tata laku tradhisi iki kabagi dadi telung rerangkep yaiku tata siaga, tata laksana (Haul lan nyekar umum), lan tata wasana, sing kalebu persiapan panitia, pelaksanaan nyekar, slametan, pengajian, nganti pembubaran panitia. Sajrone pelaksanaan, tradhisi iki didukung ubarampe-ubarampe kang ngandhut makna simbolis lan praktis, lan nyakup kapitayan masyarakat tumrap leluhur. Perkembangan jaman uga ndadekake owah-owahan, kayata anane pengajian sing saiki luwih rame lan formal dibanding jaman mbiyen. Upaya pelestarian tradhisi iki ditindakake kanthi cara internalisasi saka individu, sosialisasi lewat media sosial lan pengumuman, enkulturasikan liwat seni pengajian, lan dukungan saka pamarentah desa, lembaga pendidikan, lan masarakat kanthi gotong royong supaya tradhisi nyekar iki tetep lestari, migunani, lan ngrembaka.

DAFTAR PUSTAKA

- Abidin, Z. (n.d.). *Makna Tradisi Suran (Kegiatan Malam Satu Sura) dalam Menjalin Ukhawah Islamiyah di DESa Sriwijaya Mataram Kecamatan Bandar Mataram Kabupaten Lampung Tengah*.
- Ahwan, Z., & Marzuki, M. E. (2020). *Komunikasi Simbolik dalam Tradisi Bari'an di Jawa Tengah dan Jawa Timur (Tinjauan Interaksi Simbolik)*. Al-Ittishol Jurnal Komunikasi dan Penyiaran Islam, 1(1), 51-70. <https://ejournal.iaiskjmalang.ac.id/index.php/ittishol/article/view/129>
- Anjarwati lan Surana. (2020). *Cak-Cakane Tradhisi Sepasaran Bayi ing Desa Tanen lan Desa Jabalsari, Tulungagung (Tinjauan Etnologi Budaya)*. Journal GEEJ, 7(2), 1-15.
- Assidiqi S, M., Susilo, Y., (2020). *Tradisi Ulur-Ulur Ing Tlaga Buret Desa Sawo Kecamatan Campurdarat Kabupaten Tulungagung*.
- Authentic, D. A. N., & Sekolah, A. (2015). *Analisis Buku Teks Muatan Tematik Integratif, Scientific Approach, Dan Authentic Assessment Sekolah Dasar*. Jurnal Kependidikan: Penelitian Inovasi Pembelajaran, 45(1), 109685. <https://doi.org/10.21831/jk.v45i1.7181>
- Charisma, D. S., Retnawati, H., & Dhewantoro, H. N. S. (2022). *Motivasi Belajar Dan Prestasi Belajar Pada Mata Pelajaran Ppkn Di Indonesia: Kajian Analisis Meta*. Bhineka

ARGOPURO

Argopuro: Jurnal Multidisiplin Ilmu
Bahasa
Vol 11 No 2 Tahun 2025
Online ISSN: 2988-6309

- Tunggal Ika: Kajian Teori Dan Praktik Pendidikan PKn, 9(2), 99-113.
<https://doi.org/10.36706/jbti.v9i2.18333>
- Danandjaja, J., 1984. *Folklor Indonesia ilmu gosip, dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Graviti Press.
- Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip Dongeng, dan Lain-lain*. Jakarta: Grafisi Press.
- Danandjaja, James, (2007). *Folklor Indonesia, Ilmu Gosip, Dongeng, dan lainlain*. Jakarta: Grafiti.
- Daud, W., Arifin, S., & D, D. (2018). *Analisis tuturan tradisi upacara Ladung Bio' Suku Dayak Kenyah Lepo' Tau di Desa Nawang Baru*. *Jurnal Ilmu Budaya*, 2(2), 167-174.
- Endraswara, S. (2006). *Metode, teori, teknik penelitian kebudayaan*. Sleman: Med Press.
- Endraswara,Suwardi.(2009). *Metodologi Penelitian Folklor*.Yogyakarta: Medpress.
- Firdaus, S. N., & Susilo, Y. (2022). *Tradisi Nyekar di Punden Eyang Ki Ageng Gedhe di Dusun Medeleg Desa Tampingmojo Kecamatan Tembelang Kabupaten Jombang: Tintingan Folklor*. *JOB (Jurnal Online Baradha)*, 18(4), 1217-1236.
<https://doi.org/10.26740/job.v18n4.p1217-1236>
- Fitri, Cahyaning D. (2020). *Kapitayan Tradhisi Nyekar ing Pundhen Buyut Sodah Dhusun Bogi Desa Pademonegoro Kecamatan Sukodono Kabupaten Sidoarjo*
- Handoyo, E. (2007). *Studi Masarakat Indonesia (Buku Teks)* (Issue May 2015).
- Herusatoto, B. (1987). *Simbolisme Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya.
- Hutomo, SS. (2019). *Mutiara Yang Terlupakan, Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI Komisariat Jawa Timur.
- Kholil, A. (2008). *Agama Dan Ritual Slametan*. *Jurnal El-Harakah*, 10(3), 187-202.
- Koentjaraningrat. 1987. *Sejarah Teori Antropologi*. Jakarta: UIPress
- Koentjaraningrat, H. (2008). culture in Indonesia. *Manusia dan kebudayaan di Indonesia*, Jakarta: Djambatan.
- Koentjaraningrat. (2015). *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Kurnia, I. (2019). *Mengungkap Nilai-Nilai Kearifan*. *Jurnal Pendidikan Guru Sekolah Dasar*, 1(1), 51-63.
- Laila. (2017). *Kepercayaan Jawa dalam Novel Wuni Karya Ersta Andantino (Interpretatif Simbolik Clifford Geertz)*. *The Journal of Society and Media*, 1(1), 3.
- Maran, Rafael Raga. (2000). *Manusia dan Kebudayaan Dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Mardika, I. N., & Sumantra, I. D. P. (2020). *Lagu Pop Bali Dalam Pelestarian Budaya Bali*. *KULTURISTIK: Jurnal Bahasa Dan Budaya*, 4(1), 74.
<https://doi.org/10.22225/kulturistik.4.1.1595>
- Maziyah, S., & Atmosudiro, S. (2016). *Makna Simbolis Batik Pada Masarakat Jawa Kuna*. 26(1), 193-194.
- Mekarisce, A. A. (2020). *Teknik Pemeriksaan Keabsahan Data pada Penelitian Kualitatif di Bidang Kesehatan Masarakat*. *Jurnal Ilmiah Kesehatan Masarakat : Media Komunikasi Komunitas Kesehatan Masarakat*, 12(3), 145-151.
<https://doi.org/10.52022/jikm.v12i3.102>
- Moleong, Lexy J. (2009). *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT.Remaja Rosdakarya.
- Moleong, Lexy. J. (2019). *Metodologi Penelitian Kualitatif (Edisi Revisi)*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

ARGOPURO

Argopuro: Jurnal Multidisiplin Ilmu
Bahasa
Vol 11 No 2 Tahun 2025
Online ISSN: 2988-6309

- Mulyiah, Pipit., Aminatun, Dyah., Nasution, Sukma Septian., Hastomo, Tommy., Sitepu, Setiana Sri Wahyuni, T. (2020). *Internalisasi Budaya Lokal*. In *Journal GEEJ* (Vol. 7, Issue 2).
- Musdalifah, A., & Yunanto, T. A. R. (2021). *Tradisi Tedhak Siten Terkandung Konsep Self Efficacy Masarakat Jawa*. *Pamator Journal*, 14(1), 61-65. <https://doi.org/10.21107/pamator.v14i1.9559>
- Ni'am, S., Puspitasari, E., & Hariyadi, H. (2024). Pergeseran Makna Sesajen dalam Tradisi Sedekah Bumi di Desa Pekuncen, Kecamatan Jatilawang, Kabupaten Banyumas. *Innovative: Journal Of Social Science Research*, 4(1), 1127.
- Ningrum, M. P. (2023). *Konsep Waktu, Perubahan, dan Kebudayaan. Konsep Waktu, Perubahan, Dan Kebudayaan*, 1-51.
- Ninla Elmawati Falabiba. (2019). *Tradisi Wiwitan di Desa Gilangharjo*.
- Oktaviani, W. (2015). *Layang Kanthalan*. 6.
- Poerwadarminta W.J.S. (2006). *Kamus Umum Bahasa Indonesia*, PN Balai Pustaka, Jakarta.
- Poncowati, A. (2015). *Tradhisni Manganan Ing Desa Janjang Kecamatan Jiken Kabupaten Blora (Wujud, Makna, Fungsi, Lan Owah Gingsir Budaya)*. *Jurnal Online Baradha*, 3(2), 250607.
- Prasetyo, Bambang. (2016). *Sardjuningsih, Religiusitas Muslim Pesisir Selatan* (Kediri: STAIN Kediri Press, 2012), 99. 1. 1-15.
- Pratiwi, N. K. (2024). *Pesan Moral sebagai Nilai Pedagogis dalam Sastra Setengah Lisan Sawyer Penganten (Pendekatan Folklorologi)*. 7(3), 434-445.
- Rahmawati, I., & Surabaya, U. N. (2024). *Tradhisni Nyekar Ing Pundhen Mbah Putri Ayuing Dusun Wire Desa Gedongombo Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban*. 3.
- Ratmawati, R., Junaidi, J., & Paramita, S. (2022). *Makna Simbolik Ritual Sotoba Majelis Nichiren Shoshu Buddha Dharma Indonesia (MNSBDI) Kajian Folklor. Sabbhata Yatra: Jurnal Pariwisata Dan Budaya*, 3(2), 104-112. <https://doi.org/10.53565/sabbhatayatra.v3i2.676>
- Rizky, Maretha S. A. (2024). *Tradhisni Gredoan di Desa Macanputih Kecamatan Kabat Kabupaten Banyuwangi*. 20(01), 184-198.
- Rodin, R. (2013). *Tradisi Tahlilan Dan Yasinan. IBDA` : Jurnal Kajian Islam Dan Budaya*, 11(1), 76-87. <https://doi.org/10.24090/ibda.v11i1.69>
- Rosida, A. F., & Susilo, Y. (2022). *Komparasi Tradhisni Nikah Suku Osing ing Desa Kemiren lan Desa ALasmalang Kabupaten Banyuwangi (Tintingan Etnologi Budaya)*. *JOB (Jurnal Online Baradha)*, 18(2), 768-787. <https://doi.org/10.26740/job.v18n2.p768-787>
- Saputra, S., & Fera Indasari. (2022). *Komunikasi Nonverbal Dalam Strategi Marketing Lowbudget Red Bull*. *Jurnal Professional*, 9(2), 545-552.
- Septianingrum, D. M. (2015). *Tradhisni Purnama Sidi ing Kabupaten Ponorogo (Tintingan Wujud , Makna , Piguna , lan Owah Gingsir Kabudayan)*.
- Siyama, O. Z. (2020). *Tradhisni Jemuwah Legi di Desa Candiharjo Kecamatan Ngoro Kabupaten Mojokerto (Tintingan Wujud, Makna, Pamanggih Masarakat lan Pelestarian)*. 1.
- Sriyana. (2020) *Sosiologi Pedesaan*. Yogyakarta: Zahir Publishing.
- Sudikan, S. Y. (2001). *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sukarman. (2006). *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: Unesa Press.
- Sukmara, E., & Setiari, I. (2019). *Nilai Didaktis Folklor "Lutung Kasarung" Karya Ki Raksa Sunda*. *Jurnal Soshum Insentif*, 14-23. <https://doi.org/10.36787/jsi.v2i1.45>
- Sumarto, S. (2019). Budaya, Pemahaman dan Penerapannya. *Jurnal Literasiologi*, 1(2), 16.

<https://doi.org/10.47783/literasiologi.v1i2.49>

- Suryono, A. (2015). *Studi Tentang Pelaksanaan Tugas Dan Fungsi Badan Pemberdayaan Masyarakat Desa (Bpmd) Dalam Pembangunan Desa Di Desa Tanjung Lapang Kecamatan Malinau Barat Kabupaten Malinau*. *EJournal Ilmu Pemerintahan*, 3(3), 1460-1471. [http://ejournal.ip.fisip-unmul.ac.id/site/wp-content/uploads/2015/10/Jurnal_Ella_\(10-13-15-11-03-27\).pdf](http://ejournal.ip.fisip-unmul.ac.id/site/wp-content/uploads/2015/10/Jurnal_Ella_(10-13-15-11-03-27).pdf)
- Suwarni & Widyawati, Sri Wahyu. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Bintang.
- Syakhrani, A. W., & Kamil, M. L. (2022). *Budaya Dan Kebudayaan: Tinjauan Dari Berbagai Pakar, Wujud-Wujud Kebudayaan, 7 Unsur Kebudayaan Yang Bersifat Universal*. *Journal Form of Culture*, 5(1), 1-10.
- Triyana, V. A., & Rodiah, S. (2019). *Analisis Kemampuan Penalaran Matematis Siswa Kelas IX MTs pada Materi Sistem Persamaan Linear Dua Variabel Berdasarkan Gender*. *Jurnal Kajian Pembelajaran Matematika*, 3(April), 1-8.
- Triyoso, J. D. (2015). *Makna dan Fungsi Tradisi Upacara Nyadran di Dusun Ngadiboyo, Desa Ngadiboyo, Kecamatan Rejoso, Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*. 1, 6.
- Tyawati Dewi, T. (2015). *Tradisi Ngaji di Makam Mbah Kramat di Desa Pamotan Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo (Kajian Folklor)*. 6.
- Yuhana, A. N., & Aminy, F. A. (2019). *Optimalisasi Peran Guru Pendidikan Agama Islam Sebagai Konselor dalam Mengatasi Masalah Belajar Siswa*. *Jurnal Penelitian Pendidikan Islam*, 7(1), 79. <https://doi.org/10.36667/jppi.v7i1.357>